



Pou Piblikasyon Imedya: 14/11/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GRAN OUVÈTI SANT AKÈY NAN HUDSON VALLEY/CATSKILLS NAN WOODBURY COMMON PREMIUM OUTLETS

Pòtay rejyonal pral pwomouvwa atraksyon, manje ak bwason lokal

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse gran ouvèti Sant Akèy Hudson Valley/Catskills, ki lokalize nan Woodbury Common Premium Outlets nan Central Valley nan Konte Orange. Sant Akèy modèn lan, youn nan 11 y ap konstwi atravè eta a, pral sèvi kòm yon pòtay modèn sou rejyon vakans nan Hudson Valley ak Catskills, l ap sipòte angajman Eta New York pou fè ekonomi lokal yo grandi ak pwomouvwa akitivite touris, manje ak bwason atizanal lokal atravè eta a.

“Rejyon Hudson Valley ak Catskills se kay kèk nan destinasyon yo plis chache nan eta a, epi Sant Akèy sa a pral ede souliye atraksyon eksitan sa yo epi kondwi plis touris nan zòn lan toujou”, **te deklare Gouvènè Cuomo**. “Investisman sa a pral atire nouvo vizitè ak vizitè k ap retounen epi kontinye ranfòse ekonomi rejyon an pou deseni k ap vini yo.”

“Rejyon Hudson Valley ak Catskills atire vizitè pandan tout ane a pou atraksyon li yo ak aktivite rekreyasyon li yo”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare**. “Nouvo Sant Akèy sa pral sèvi kòm yon pòtay pou zòn lan, epi kontinye devlope ekonomi an lè li ogmante aktivite touris epi ofri opsyon manje ak bwason lokal. Transfòmasyon sant akèy atravè eta a pral ouvri pòt pou plis vizitè ak montre pi bèl bagay New York gen pou li ofri.”

Touris rejyonal rete nan kè Sant Akèy nan Hudson Valley/Catskills, ki lokalize nan edifis Woodbury Common Market Hall. Yo resevwa vizitè yo ak yon ekran videyo anvlopan ki gen 270 degre ki souliye atraksyon touris ak destinasyon lokal. Anplis, kyòs entè-aktif I LOVE NY pèmèt vizitè pou teste konesans yo sou rejyon an oubyen konsevwa yon itinerè vwayaj, epi yon gwo kat montre toulède rejyon yo. Yon mi ki gen objè istorik prezante atik ki espesyalman konsève ki prezante eritaj rejyon an epi yon mache Taste NY pral prezante pwodwi ki kiltive ak ki gen orijin lokal ki soti atravè rejyon yo.

Cornell Cooperative Extension nan Konte Sullivan pral opere Mache Taste NY, ki pral ofri manje ak kado ki fèt lokalman tankou konfiti atizanal, pwodwi erab, siro myèl, tchip ak ti bonbon, granola, pwodwi òganik pou pran swen po ak cheve, ak vesèl sèvis an bwa Eta New York la. Magazen an pral enkli tou machandiz I LOVE NY, sa enkli mayo,

leman ak tas vwayaj. Pwodiktè New York yo ki aktyèlman prezante nan Sant Akèy an sou lis [isit la](#).

Andeyò Sant lan, yon gwo eskilti I LOVE NY ofri vizitè yo yon pwen ikonik pou foto an gwoup ak sèlfi. Yon Pwomenad Selebrite rekonèt Nouyòkè selèb nan rejyon yo, epi yon lakou ofri chèz pou kafe.

Prezidan, PDG ak Komisyonè Empire State Development Howard Zemsky te deklare, “Sant Akèy Hudson Valley/Catskills prezante istwa, eritaj ak richès touris premye klas ki nan de rejyon vakans pitorès sa yo, ki envite achtè ak vizitè pou yo jwenn sa yo renmen isit la ak atravè Eta New York”.

Komisè Agrikilti ak Mache Eta New York la (State Agriculture and Markets), Richard A. Ball, te deklare, “Taste NY kontinye rete santral nan efò Eta a pou pwomouvwa fèm ak konpayi alimantasyon ak bwason nou yo atravè Eta New York, sa enkli sa ki nan Hudson Valley ak Catskills. Rejyon sa a byen rekoni pou jenerozite agrikilti ak destinasyon agro-touris ki inik, kote rezidan te sipòte konpayi lokal ak acha lokal pandan plizyè deseni. Ak plis pase 20 milyon vizitè k ap vwayaje nan rejyon pitorès pou aktivite deyò, aktivite atistik, distraksyon, acha, epi, byensi, manje an, nouvo lokal Sant Akèy nan Hudson Valley/Catskills koresponn pafètman pou Taste NY”.

Yo te nome li youn nan premye 20 pi bon destinasyon nan National Geographic Traveler, Hudson Valley an ki pitorès akeyi vizitè atravè restoran premye klas, jaden mèveye ak kay istorik. An 2017, plis pase 20.2 milyon moun te vizite Hudson Valley - 365,500 vizitè an plis ke ane anvan an, ki ap jenere plis pase 3.6 milya dola nan depans vizitè dirèk yo. An plis, touris rejyonal yo te jenere prèske 448 milyon dola nan enpo eta ak lokal yo, epi yo te sipòte plis pase 58,000 pòs travay nan Hudson Valley.

Rejyon Catskills lan, ki se kay montay ki gen menm non an, se yon destinasyon prefere pou eksploratè epi pou fanmi egalman. Soti nan monte mòn ak fè eski, ale nan festival mizik ak sit orijinal Woodstock, gen yon bagay pou chak vwayajè ak enterè. Prèske 11.5 milyon moun te vizite Catskills an 2017, yo te depanse 1.3 milya dola epi sipòte plis pase 18,500 djòb.

Depi an 2011, Gouvènè Cuomo te fè investisman san presedan nan endistri touristik lan atravè tout Eta a, sa ki ap lakòz kantite vizitè istorik ak depans dirèk yo. Ane pase, New York te akeyi yon kantite rekò 243.8 milyon vizitè ki te depanse 67.6 milya dola, ki jenere yon enpak ekonomik total ki plis pase 100 milya dola pou katriyèm ane youn apre lòt. An plis, endistri touris la se twazyèm pi gwo anplwayè nan eta a, k ap sipòte 938,800 pòs travay chak ane.

Lokalize nan Soti 16 sou Otowout Eta New York la, Woodbury Common Premium Outlets se youn nan premye destinasyon pou touris ak acha nan Eta New York lan, ki atire 13 milyon vizitè anyèlman ki soti atravè peyi a ak nan monn lan. Yo te etabli li an 1985, sant acha ki sou 910,000 pye kare ofri yon seleksyon ki gen plis pase 250 mak fachonn ak magazen detay, pandan l ap sipòte plizyè milye djòb ak jerene plizyè santèn milyon dola onivo lokal, konte ak eta nan fòm taks anyèlman.

David Mistretta, Direktè Jeneral Woodbury Common, te deklare, “Nou aplodi desizyon Eta New York pou konstwi youn nan 11 Sant Byenvni isit la nan Woodbury Common Premium Outlets. Nou fyè pou nou fè pati rejyon Hudson Valley epi konnen Sant Akèy lan pral ofri vizitè nou yo opòtinite pou yo aprann sou bèl rejyon Hudson Valley ak Catskills epi tout atraksyon yo ofri. Li pral vini yon lòt komodite fantastik pou kontinye amelyore eksperyans achtè nou yo”.

Senatè William J. Larkin te deklare, “Hudson Valley se kay kèk nan premye destinasyon touris nan Eta New York lan. Lè n ap travay an kolaborasyon ak òganizasyon tankou Cornell Cooperative menm jan ak machann lokal pou kontinye pwomouvwa sa kominote nou yo gen pou yo ofri, sa se ekzakteman sa nou dwe kontinye fè. Kolaborasyon ak travay ekip toujou bay rezilta pozitif”.

Kad Egzekitif Konte Orange, Steven M. Neuhaus, te deklare, “Ouvèti Sant Akèy sa a se yon gwo viktwa pou kominote lokal nou yo. Non sèlman li pral ede atire plis vizitè nan rejyon an, men li pral pwomouvwa pwodwi ki fèt lokalman epi ede estimile konpayi atravè rejyon an. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou investisman li an nan rejyon Hudson Valley ak Catskills epi paske li travay pou asire aktivite touris pral rete yon motè ekonomik pou zòn lan”.

Sipèviz Vil Woodbury Frank J. Palermo te deklare, “Hudson Valley ak Catskills se destinasyon pandan tout ane a, epi Sant Akèy sa a pral ede montre vizitè jis tout sa rejyon an vrèman genyen pou li ofri. Ak komodite modèn, teknoloji entè-aktif epi ak yon mache Taste NY, vwayajè pral asire yo vizite Sant Akèy sa a sou wout yo. Mwen felisite Gouvènè a paske li kreye pwogram sa a epi mwen sipòte pwogram sa a 100 pousan”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)